



BATAY OUVRIYE

Pòtoprens 27 janvye 2015

Zanmikamarad travayè ayisyen nan Brezil,

Se ak anpil satisfaksyon nou aprann fòmasyon Asosiyasyon Travayè Ayisyen nan Brezil. Sou yon bò se poutèt nou panse afilyasyon nan CSP-Conlutas la kapab trè nan avantaj nou ; sou yon lòt, se paske nou okouran ansyen kamarad nou nan Batay Ouvriye fè pati òganizasyon an. Kidonk nou espere liy pwoletaryen an ap kapab jème, simaye epi pòte tout fwi la.

Nou konnen tout kalite tray ak difikilte travayè ayisyen ap pase nan monn la an jeneral men nou konnen tou, nan batay, òganize, estriktire, ak seryozite epi angajman, n ap ranpòte laviktwa kan menm. Nan kad sitiyasyon sa a, li enpòtan nou klè sou revandikasyon nou dekwa pou nou mete sou pye ansanm yon platfòm lit konsekan epi pou nou mobilize djanm pou nou jwenn satisfaksyon; men li enpòtan tou pou nou pòte kole nan tout kalite aksyon CSP-Conlutas la ap òganize, ansanm ak nan tout diferan lit pèp brezilyen an ap mennen. Entènasyonalism pwoletaryen an dwe jwe nan tou 2 sans yo.

Kenbe fèm! Pa janm lage! Pa bliye: Ouvriye òganize ap pòte laviktwa kan menm!

**VIV LIT MAS POPILÈ YO
AK TRAVAYÈ YO KÒM POTOMITAN
ANBA DIREKSYON KLAS OUVRIYÈ A!
VIV ENTÈNASYONALISM PWOLETARYEN AN!**

Camaradas y amigos trabajadores haitianos en Brasil,

Aprendimos con grata satisfacción la formación de su Asociación de Trabajadores Haitianos en Brasil. Por una parte pensamos que la filiación a la CSP-Conlutas les puede salir muy beneficiosa; por otra, supimos de la presencia de nuestro camarada de Batay Ouvriye, de allí que esperamos que la línea proletaria sea bien divulgada y para lo mejor.

Sabemos de todas las dificultades que encuentran los trabajadores haitianos en el mundo entero, pero sabemos también que en la lucha, organizados, estructurados con determinación y serio, lograremos siempre la victoria. En este marco, es de importancia estar claros sobre nuestras reivindicaciones y de allí llevar una plataforma de lucha consecuente, acompañada de una fuerte movilización para su satisfacción. Pero es fundamental también estar de todas las luchas que tanto la CSP-Conlutas como el pueblo

brasileño llevan a cabalidad. El internacionalismo proletario debe funcionar en los dos sentidos.

Kenbe fèm! No se olviden: ¡Obreros organizados llevarán siempre la victoria!

**¡VIVAN LAS LUCHAS DE LAS MASAS POPULARES
CON LOS TRABAJADORES COMO POSTE CENTRAL
BAJO LA DIRECCIÓN DE LA CLASE OBRERA!
¡VIVA EL INTERNACIONALISMO PROLETARIO!**